



Pou Piblikasyon Imedya: 07/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MTA SIYEN ANGAJMAN 'EKITE NAN PWOJÈ ENVESTISMAN' AN POU SIPÒTE BIZNIS KI MWENS FAVORIZE SOU PLAN ISTORIK YO

Angajman an apiye efò otorite eta a ap fè pou bay kontra a biznis minorite ak fanm yo posede, ki angaje pou devlope antrepriz ki kalifye yo epi bay pi gwo kontra a ti biznis yo

MTA te bay 813.5 milyon dola kontra a MWBE yo ak 392.3 milyon dola kontra bay DBE yo an 2023, ki depase objektif Eta NY pou MWBE a pou twazyèm ane konsekitif

[Gade videyo siyati angajman an](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke MTA te siyen Angajman 'Ekite nan Pwojè Enfrastrikti' a pou pouswiv angajman li pou enklizyon lè y ap bay kontra pou pwojè konstriksyon yo. Angajman an asire ke MTA ap asire patisipasyon omwen 1 milya dola travay pou Antrepriz Minorite ak Fanm yo Posede (Minority- and Women-owned Business Enterprise, MWBE) oswa Antrepriz ki Defavorize (Disadvantaged Business Enterprise, DBE) yo chak ane, bay pi gwo kontra a ti biznis yo, epi ogmante kantite antrepriz MW/DBE ke MTA travay avèk yo epi ogmante kontra diskresyonè yo pou antrepriz konsepsyon ak enjenyeri MWBE a 20 pousan pandan senk ane k ap vini yo.

"Rasis ak inegalite te jwe yon wòl enpòtan pou trase peyizaj Eta New York, epi enfrastrikti nou se yon rapèl brital de istwa sa," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Angajman mwen pou ekite, pou ogmante opòtinite transpò piblik, ak pou Biznis Minorite ak Fanm yo posede, se yon angajman pou konstui eta nou an nan yon fason ki leve tout Nouyòkè yo."

Jodi a, fondatè 'Ekite nan Pwojè Enfrastrikti' (Equity in Infrastructure Project, EIP) a, Phillip A. Washington ak John D. Porcari, ak Prezidan Otorite Transpò Chicago (Chicago Transit Authority, CTA) Dorval R. Carter, Jr., ki sèvi tou kòm prezidan EIP a te rejwenn ofisyèl MTA yo, pou yon siyati nan estasyon metwo 14 St **123**. Estasyon an nan modènizasyon aktyèlman pou rann estasyon an aksesib dapre Lwa sou Ameriken ki gen Enfimite a (Americans with Disabilities Act, ADA). Plis pase de douzèn antrepriz

minorite oswa fanm yo posede ap travay sou pwojè sa, ak plis pase 45 milyon dola ki nan kontra a antrepriz sa yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Mwen pale anpil de sistèm transpò a antanke yon motè kapital pou New York – li bay chak moun aksè nan travay ak edikasyon, epi se youn nan bagay ki rann vil la abòdab. Nan MTA, ekite reprezante yon plas enpòtan. An 2023, yo te bay prèske 40% nan tout kontra MTA yo a MWBE yo, ki bay yon total plis pase 800 milyon dola. Depi nou elimine dènye obstak kont pri konjesyon an, nou gen entansyon pou fè motè pwojè vital Eta yo redemare rapidman epi nou atann ke antrepriz MWBE yo ede konplete travay sa."

Chèf Divèsite ak Enklizyon MTA, Ofisye Lourdes Zapata te deklare, "MTA fyè pou rejwenn lidè sektè yo pou inisyativ tèlman enpòtan sa nan moman krisyal sa. Angajman sa anplifye anpil efò ki ankou pou biznis MWBE ak ti biznis yo. Depi 2019, enklizyon MWBE nou yo te amelyore chak ane, ak yon rekò 37% nan tout depans ane pase – twazyèm ane konsekitif MTA a te depase objektif MWBE Eta New York la. Travay nou ak Antrepriz Defavorize (Disadvantaged Business Enterprise, DBE) yo te abouti a yon depans siplemantè plis pase 390 milyon dola pou ane pase a sèlman. MTA a, ki angaje atravè Gaj pou Ekite ak Enfrastrikti a, ap reprezante devouman Eta New York fyèman pou asire gen opòtinite ki ogmante pou biznis ki defavorize yo nan nivo nasyonal."

Manm Asanble Rodneyse Bichotte Hermelyn, te deklare, "Mwen aplodi Gouvènè Kathy Hochul, EIP ak MTA a dèske yo fè MWDBE yo avanse vè siksè atravè akò Ekite nan Enfrastrikti esansyèl sa. MWDBE yo ap fè fas ak yon konba difisil pou jwenn moso gato ekonomik pa yo, epi Eta ak Vil New York ap franchi yon lòt etap enpòtan pou fè pwogrè rekò pou reyalize ekite ekonomik. Antanke Prezidan Sou-komite MWBE a, mwen angaje pou asire ke pi gwo rezo transpò nan peyi nou an bay kontra nan fason ki ekitab pou Biznis Minorite ak Fanm yo posede yo, epi mwen pa ka tann pou travay ak pati ki konsène yo pou fè efò an mas pou devlope antrepriz ki kalifye yo, epi bay pi gwo kontra pou debloke plizyè santèn milyon dola opòtinite ekonomik. Anplis angajman sa, mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen lejislasyon mwen an resaman pou elaji pwogram mantora ti biznis MTA a, k ap ogmante efò ekite ekonomik sa yo nan fason eksponansyèl."

MTA se yon lidè ki regilye nan travay ak antrepriz MWDBE yo. Lè nou retounen an 2020, Otorite a te depase objektif MWBE Eta New York la nan 30 pousan patisipasyon chak ane, ki bay yon total plis pase 2.5 milya kontra pandan moman sa. MTA a klase nimewo en pami tout ajans Eta New York ak otorite piblik yo nan lajan li peye bay antrepriz MWBE yo.

Ane pase, MTA te bay plis pase 813.5 milyon dola kontra bay plis pase 500 antrepriz MWBE ki bay 37 pousan kontra jeneral yo. Sa ajoute sou 392.3 milyon dola yo te peye antrepriz DBE yo, ak 16.7 milyon dola bay ti biznis ansyen militè ki andikape yo posede yo. MTA te bay apeprè 70 milyon dola a ti biznis yo atravè Pwogram Devlopman Ti Biznis (Small Business Development Program) li a.

Enfòmasyon sou Pwojè Ekite nan Pwojè Enfrastrikti a (Equity in Infrastructure Project, EIP)

Se PDG Ayopò Entènasyonal Denver (Denver International Airport) la Phillip A. Washington, ansyen Sekretè Adjwen Transpò Etazini an, John D. Porcari ak lòt moun ki te fonde EIP, nan previzyon Lwa sou Envestisman nan Enfrastrikti ak Travay (Infrastructure Investment and Jobs Act) 1.2 trilya dola a ak pou fè [Inisyativ Justice40](#) Prezidan Joe Biden lan avanse ak [dekrè egzekitif](#) 13985 pou fè angajman pou Egalite Ras ak Sipò pou Kominote ki Defavorize yo pwogrese disi 2026 pou ogmante pati kontra federal ki ale nan ti biznis ak biznis ki defavorize yo.

Travay EIP a sipòte pa Antreprenè Sosyal ak Anviwònmantal (Social and Environmental Entrepreneurs), Fon pou Enpak Sosyal (Social Impact Fund), HNTB, STV, Anser Advisory, Fondasyon Ewing Marion Kauffman ak Fondasyon James Irvine.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)